



## Dwa W ak Obligasyon W Dapre Lwa sou taks

Yon gwo fonksyon Depatman Taks ak Finans (Department of Taxation and Finance) se ede kontribyab konprann dwa ak reskonsablite yo genyen nan chak etap nan administrasyon ak koleksyon taks Eta New York ak taks lokal ki soukont depatman an. Li endispansab pou kontribyab yo okouran dwa sa yo pou asire efikasite ak jistis nan sistèm taks eta ak taks lokal yo.

Eta New York mete anplas yon Deklarasyon Dwa kontribyab nan Tax Law Article 41 (Atik 41 Lwa sou taks). Depatman taks ede kontribyab konprann dwa ak reskonsablite yo lè li bay:

- deklarasyon ki pa teknik ki eksplike dwa kontribyab yo ak obligasyon depatman an nan sa ki konsènen odit;
- pwosedi kontribyab dwe suiv pou fè yo egzaminen desizyon depatman an ki pa anfavè yo, pou mande ranbousman ak pou depoze plent; ak
- pwosedi depatman an ka itilize pou fè respekte obligasyon taks.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou dwa w antan kontribyab nan sit Entènèt nou an, oswa si w rele epi mande nou voye yo pou ou pa lapòs (gade seksyon *Ou bezwen èd?*).

Publikasyon sa a bay yon rezime dwa kontribyab nan divès etap pwosesis administrasyon taks.

### Odit deklarasyon taks nan Eta New York

Nou fè odit yo pou verifye si w te peye montan egzakt pou taks. Dapre New York State Tax Law (Lwa nan Eta New York sou Taks), pandan kontwòl la ou dwe bay oditè a kèkanswa dosye ki nesèsè pou verifye enfòmasyon ou te bay sou deklarasyon taks ou an. Selon ki kalite deklarasyon taks y ap verifye a, sa ka egzije yo egzaminen revni ou touche, resi, depans, kredi ak lòt dosye biznis.

#### Estanda pwofesyonèl nan odit

Se yon oditè ki fè verifikasyon yo dapre estanda pwofesyonèl nan odit, e se yon moun ki abitye avèk pwosedi kontablite e teknik verifikasyon tout moun asepte anjeneral.

Pou evite tout konfli enterè, oditè a pa ka gen ankenn rapò pèsònèl avèk kontribyab la, avèk fanmi kontribyab la, ni avèk anplwaye kontribyab la (nan ka yon odit biznis). Anplisdesa, oditè a pa ka gen ankenn enterè pèsònèl oubyen enterè lanjan nan yon biznis l ap verifye.

Pandan tout odit la, ou gen dwa pou resevwa yon tretman san patipri ak koutwazi e nan yon fason pwofesyonèl. Si a nenpòt moman pandan yon odit ou santi yo pa respekte prensip sa yo oswa nenpòt nan dwa ou genyen yo, ou fèt pou kontakte sipèvizè oditè a tousuit nan nimewo yo bay la.

Pou rapòte akizasyon move konduit anplwaye, kontakte Biwo pou Zafè Entèn nou an (Office of Internal Affairs) nan (518) 451-1566, oswa pa lapòs nan:

**NYS TAX DEPARTMENT  
OFFICE OF INTERNAL AFFAIRS  
W A HARRIMAN CAMPUS  
ALBANY NY 12227**

#### Dwa ou genyen pandan yon odit

Menmsi w oblije kolabore ak oditè a, ou dwe konnen dwa ou genyen yo tou. Dwa sa yo la pou pwoteje w kont egzijans ki san rezon, yo la pou diminye nèt deranjman nan biznis ou oswa nan vi pèsònèl ou pandan odit la ak pou pwoteje w kont desizyon abitè.

#### Delè limit pou aksyon fèt

Lwa nan Eta New York sou Taks mete anjeneral yon delè limit twazan sou dwa nou genyen pou revandike taks anplis ou dwe (anjeneral twazan apre ou te fè deklarasyon taks ou), kote apre delè sa nou pa ka evalye taks ki pi wo pase sa ou te rapòte nan deklarasyon taks ou an. Gen yon delè limit sizan ki aplike lè w fè abi nan tranzaksyon pou evite peye taks. Ou dwe jwenn yon konsantman alekri pou yon pwolonjman delè limit la anvan ekspirasyon peryòd limit la. Men delè limit la pa aplike pou ankenn peryòd kote yon kontribyab pa deklare taks, li pa rapòte chanjman Sèvis Revni Entèn (IRS, Internal Revenue Service) te fè nan yon deklarasyon taks federal (*chanjman federal*) oswa li fè yon fo deklarasyon taks osinon li fè fwòd ladan pou evite peye taks. Pou income, estate, ak corporation tax (taks sou revni, taks sou byen lè moun mouri ak taks sou sosyete yo), yon kontribyab oblije anjeneral rapòte yon chanjman federal ba Eta New York anvan 90 jou fin pase apre desizyon final chanjman, koreksyon, renegotyasyon oswa anilasyon an, epi li dwe di si desizyon an kòrèk oswa si li pa kòrèk.

#### Vi Prive ak konfidansyalite

Ou gen dwa pou konnen poukisa nou mande sèten enfòmasyon, kijan nou pral sèvi ak enfòmasyon yo ak konsekans k ap genyen si w pa soumèt enfòmasyon yo. Lwa sou taks entèdi divilge enfòmasyon nou jwenn nan yon deklarasyon taks sou revni oswa pandan n ap fè yon odit ba kèkanswa moun ki pa gen otorizasyon. Men, Lwa sou taks la pèmèt nou kominike enfòmasyon sou taks ou ba IRS ak ba lòt ajans leta, dapre prensip sekrè ak respiposite ki byen defini.

#### Reprezantasyon pandan yon odit

Ou ka reprezante tèt ou, fè yon moun akonpaye w oubyen fè yon moun reprezante w pandan odit la. Nenpòt moun ki reprezante w dwe gen bonjan otorizasyon w alekri, yon *power of attorney* (pwokirasyon) pou aji onon w. Ou ka angaje yon reprezantan nenpòt lè pandan odit la, epi ou gen dwa pou sispann yon entèvyou a nenpòt moman pou w chèche yon reprezantan. Men sispansyon pou w chèche yon reprezantan dwe pou yon peryòd tan rezonab sèlman.

Ansyen anplwaye Depatman Taks ak Finans pa otorize reprezante kontribyab nan Depatman an pandan yon peryòd dezan apre yo fin kite depatman an. (Ansyen anplwaye ka reprezante kontribyab nan Divizyon endepandan pou Apèl kont Taks [Division of Tax Appeals] pandan peryòd dezan sa a, e sa kapab gen kèk restriksyon.) Yo entèdi ansyen anplwaye nèt pou yo reprezante kontribyab pou zafè yo te patisipe dirèkteman ladan pandan peryòd kote yo te anplwaye.

### Anrejistremant odyo

Ou ka avèti nou davans pou fè anrejistremant odyo de nenpòt entèvyou anpèsòn. Ou dwe fè anrejistremant an sou pwòp frè pa w e avèk pwòp aparèy ou. Noumenm tou, nou gen dwa pou avèti w davans pou anrejistre nenpòt entèvyou anpèsòn. Si w mande sa, n ap ba w yon rapò anrejistremant an alekri oubyen yon kopi, men se sèlman si w ranbouse nou frè sa koute.

### Odit souplas

Yo pwograme odit souplas yo anjeneral omwen 15 jou davans pou ba w tan pou rasanble dosye ki nesèsè yo. Lè yo chwazi w pou yon odit souplas, oditè a ap anjeneral kontakte w pa telefòn pou fikse premye randevou a. Apresa w ap resevwa yon lèt pou konfime randevou a e ki dekri liv ak dosye nou pral bezwen w mete aladispozisyon nou. Pou odit biznis, pifò randevou yo ap fèt nan kote w fè biznis la, pou diminye nèt tan w ap pase lwen aktivite biznis ou. Si w bezwen plis pase 15 jou pou rasanble dosye ki nesèsè yo, anjeneral ou ka mande yon pwolonjman pou jiska 30 jou. Pou pwolonjman pou plis pase 30 jou, ou dwe fè yon demann alekri ki pwouve nesèsite tan anplis la.

### Premye konferans

Nan premye reyinyon w lan (*premye konferans* la), oditè a ap eksplike metòd ak pwosedi odit la, pwosesis odit la, epi l ap dekri dwa pou konteste ak pwosedi pou fè apèl sizoka ou pa dakò avèk yon chanjman odit la fè. Sèvi ak reyinyon sa a pou poze nenpòt kesyon ou ka genyen konsènan dwa ak responsablite w.

### Teknik odit

Gen plizyè teknik diferan yo itilize pou fè odit. Nou ka fè yon odit an detay, yon odit ki gen ladan yon metòd peryòd esè oswa nan kèk ka, yon odit ki gen ladan yon metòd sondaj estatistik. Anplisdesa, yo ka agrandi sijè yon odit abòde epi reyalize li tankou yon odit pou plizyè-taks. Metòd yon oditè chwazi a ap depann de anpil varyab, tankou ki kalite taks, presizyon dosye ou yo ak si yo disponib, epi gwosè ak kompleksite yon biznis.

Si premye rezilta yo bay yon efè reyèl sou deklarasyon yon lòt taks, yo ka aplike rezilta sa yo sou yon lòt aspè taks nenpòt lè pandan pwosesis odit la. Yo ka itilize chanjman yon odit fè sou yon aspè taks kòm baz pou rekalkile taks nan yon lòt, tou depann bagay ak sikonstans ki nan ka a.

Pou sales and compensating use tax (taks sou lavant ak pou konpanse itilizasyon), nou ka estime ou dwe nenpòt taks anplis sèlman si lè nou mande w dosye, ou pa gen dosye yo oswa dosye ou mete aladispozisyon nou yo pa sifi pou nou detèminen taks ou dwe a.

### Dire yo odit

Yon odit kouvri anjeneral yon peryòd twa ane, e yo ka pran sèlman kèk grenn jou pou fin fè l oswa jiska ennan oubyen pipilis. Dire a depann de kompleksite deklarasyon taks y ap verifeye yo ak si dosye w konplè e kòrèk. Men pifò odit pran sèlman twa a kat jou pou yo fin fè yo.

### Rezilta odit souplas

Si oditè a pa rekòmande ankenn chanjman, n ap voye yon lèt ba w pou konfime sa ak pou remèsye w pou kolaborasyon w.

Si gen chanjman, oditè a ap rankontre ak ou pou eksplike rezilta yo ak pou bay kopi dokiman ak anèks odit yo. Oditè a ap eksplike rezilta odit la ansanm ak metòd e pwosedi odit la avèk mo senp ki pa teknik. Rezilta yo ka gen ladan:

- chanjman yo rekòmande nan pratik pou konsève dosye pou korije erè kontablite yo jwenn pandan odit la;
- yon eksplikasyon sou bonjan entèpretasyon Lwa sou taks nan zòn kote yo te fè erè yo;
- yon avi sou taks anplis ou dwe; oswa
- yon notifikasyon ki di yo dwe w yon ranbousman.

N ap ba w yon delè rezonab pou dezapwouve nenpòt rezilta odit la oswa pou bay prèv pou nenpòt peryòd kote peryòd esè odit la pa te reprezante reyèlman aktivite biznis ou an. Oditè a pral analize nenpòt lòt enfòmasyon ou soumèt, epi si sa nesèsè l ap revize e soumèt dokiman odit la yon lòt fwa ansanm ak yon *Statement of Proposed Audit Changes* (Relve Chanjman Odit la Pwopoze yo).

### Si w dakò

Si w dakò ak rezilta odit la, n ap mande w siyen Relve Chanjman Odit la Pwopoze yo, epi voye fòm lan tounen ba oditè a.

Si w dwe lajan men ou pa ka peye tout tousuit, ou ka kalifye pou yon akò pou peman pa tranch, ki va pèmèt ou divize peman w yo (*gade akò pou peman pa tranch*). Men fòk ou konnen tou enterè (ak amann petèt) pral kontinye ajoute sou balans ou poko peye a.

### Si w pa dakò

Si w pa dakò ak rezilta odit la, endike ou pa dakò sou Relve Chanjman Odit la Pwopoze yo epi voye fòm lan tounen ba oditè a. Gen pèsònèl sipèvizyon ki rewè tout rapò odit ak anpil atansyon, dekwa pou yo ka òganize lòt konferans anplis avèk sipèvizè oditè a si sa nesèsè. Si w pa dakò toujou ak rezilta odit la, n ap voye ba ou yon *Notice of Deficiency* oswa *Notice of Determination* (Avi sou Taks ou pa peye oswa Avi Desizyon) pou taks ou dwe yo. Lè sa ou ka fè apèl ofisyèlman kont rezilta odit la swa pa lentèmedyè Biwo pou Sèvis Konsilyasyon ak Medyasyon nou an (Bureau of Conciliation and Mediation Services), oswa pa lentèmedyè Divizyon endepandan pou Apèl kont Taks (Division of Tax Appeals). Si w deside fè apèl, ou dwe depoze apèl ou an anjeneral anvan 90 jou fin pase apre dat yo te bay avi a. Avi a ap di w nan ki dènye dat ki ou dwe depoze apèl ou an. Ou dwe soumèt yon apèl alekri menmsi ou te deja ekri depatman an pou opoze ak pozisyon yo pran nan Relve Chanjman Odit la Pwopoze yo. Pou jwenn yon deskripsyon toude metòd kontestasyon yo, gade nan seksyon *Dwa w pou konteste yon desizyon*.

Pou sispann amann ak enterè anplis k ap kontinye ajoute, ou gen chwa tou pou peye toudabò nenpòt taks ou dwe, epi apresa fè yon demann pou ranbousman nan delè ki ka aplike pou taks ki konsènen an. Si nou refize demann ou an nèt oswa anpati, lè sa ou ka chwazi fè apèl ofisyèlman kont rezilta odit la swa pa lentèmedyè Biwo pou Sèvis Konsilyasyon ak Medyasyon an oswa pa lentèmedyè Divizyon pou Apèl kont Taks, nan delè legal ki aplike pou sa.

### Odit nan biwo

Odit nan biwo se yon egzamen deklarasyon taks, demann ranbousman oswa lòt dokiman ou te soumèt. Yon odit nan biwo ka gen pou wè tou ak yon deklarasyon taks nou kwè ou te dwe soumèt, men nou pa gen ankenn dosye ki di nou te resevwa li. Pafwa odit la gen ladan enfòmasyon nou jwenn nan lòt sous oswa li baze sou yo. Yo fè li nan Depatman Taks ak Finans sèlman, epi se raman li gen yon kontak fasafas ant teknisyen an ak kontribyab la. Yo pa enfòme w sistematikman

ke y ap fè yon odit nan biwo; anreyalite sèl fason ou pral konnen odit nan biwo a se si nou jwenn li nesèsè pou mande plis enfòmasyon, oswa si nou jwenn swa ou dwe plis taks osinon nou dwe w yon ranbousman.

Si nou bezwen plis enfòmasyon, n ap voye yon lèt ba w ki fè w konnen odit nan biwo a, e ki bay lis enfòmasyon nou bezwen espesyalman yo. N ap ba w yon delè rezonab. Si apres a nou jwenn pa gen chanjman ki nesèsè, teknisyen an ap voye yon lèt ba w pou konfime sa ak pou remèsye w pou kolaborasyon w.

### Rezilta odit nan biwo

Si gen nenpòt taks anplis ou dwe, w ap resevwa yon Relve Chanjman Odit la Pwopoze yo oswa yon dokiman tankou l ki eksplike rezon pou taks anplis yo. N ap ba w yon delè rezonab pou w reponn. Teknisyen an pral analize repons ou epi si sa nesèsè, l ap revize rezilta yo epi soumèt yon nouvo Relve Chanjman Odit la Pwopoze yo oswa yon dokiman menm jan konsa. Men si rezilta odit la se yon ranbousman, w ap resevwa ranbousman an ak yon lèt pou bay espikasyon, sof si w dwe lòt taks oswa yon dèt yo refere ba Depatman taks (gade seksyon sou *Konpansasyon*).

### Si w dakò

Si w dakò ak rezilta odit la, n ap mande w siyen Relve Chanjman Odit la Pwopoze yo oswa yon dokiman menm jan konsa. Si w dwe lajan men ou pa ka peye tout tousuit, ou ka kalifye pou yon akò pou peman pa franch, ki va pèmèt ou divize peman w yo. Men fòk ou konnen tou enterè (ak amann petèt) pral kontinye ajoute sou balans ou poko peye a.

### Si w pa dakò

Si w pa dakò ak rezilta odit la, ou dwe soumèt plis enfòmasyon pou pwouve sa w pa dakò a, epi voye yon kopi deklarasyon an ba Depatman taks. Teknisyen an ap analize nenpòt enfòmasyon anplis ou soumèt epi si sa nesèsè l ap voye ba w yon dokiman ki revize.

Si w pa dakò toujou ak rezilta odit la, n ap voye ba ou yon *Notice of Deficiency* oswa *Notice of Determination* (Avi sou Taks ou pa peye oswa Avi Desizyon) pou taks ou dwe yo. Lè sa ou ka fè apèl ofisyèlman kont rezilta odit la swa pa lentèmedyè Biwo pou Sèvis Konsilyasyon ak Medyasyon nou an oswa pa lentèmedyè Divizyon endepandan pou Apèl kont Taks menmsi ou te deja voye ekri nou pou opoze ak pozisyon nou pran nan avi sou chanjman odit ou te resevwa a. Ou dwe depoze apèl ou an anjeneral anvan 90 jou fin pase apre dat yo te bay avi a. Avi a ap di w nan ki dènye dat ki ou dwe depoze apèl ou an.

Pou sispann amann ak enterè anplis k ap kontinye ajoute, ou ka peye toudabò nenpòt taks ou dwe, epi apres a fè yon demann pou ranbousman nan delè ki ka aplike pou taks ki konsènen an. Si nou refize demann ou an nèt oswa anpati, lè sa ou ka chwazi fè apèl kont rezilta odit la nan Biwo pou Sèvis Konsilyasyon ak Medyasyon an oswa nan Divizyon pou Apèl kont Taks, nan delè legal ki aplike pou sa.

## Dwa pou fè apèl kont Taks sou Byen lè moun mouri

Pou konteste yon Avi sou Taks ou pa peye oswa yon defi ofisyèl yo bay pou yon demann ranbousman Taks sou Byen lè moun mouri, ou ka depoze yon *Request for Conciliation Conference* (Demann pou Konferans pou Konsilyasyon) nan Biwo pou Sèvis Konsilyasyon ak Medyasyon (gade nan pwochen paj la), oswa ou ka depoze yon petisyon pou kòmanse yon pwosedi espesyal nan Surrogate's Court (Tribinal Siksesyon ak Titèl). Si w chwazi pou pa depoze yon Demann pou Konferans pou Konsilyasyon, oswa si w pa dakò avèk yon *Conciliation Order* (Odonans Konsilyasyon), ou dwe

depoze yon *Notice of Petition* (Avi Petisyon) ak yon *Verified Petition* (Petisyon Verifye) nan Tribinal Siksesyon ak Titèl nan kaouti ki gen konpetans sou byen an, si w ta vle pousuiv yon aksyon lajistis. Petisyon an dwe fèt alekri, epi li dwe endike espesyalman ki aksyon w ap konteste.

Ou dwe ranpli ak depoze petisyon an annakò ak lwa ki aplike pou sa, nan dat ki endike sou Avi sou Taks ou pa peye, *Notice of Disallowance* (Avi Anilasyon), oswa Odonans Konsilyasyon ou resevwa a.

Pou jwenn yon fòm petisyon, kontakte grefye Tribinal Siksesyon ak Titèl zòn nan ki gen konpetans sou byen an. Lè w mande fòm petisyon ak règleman yo, yo pa konsidere li tankou w te depoze yon petisyon epi sa pa pwolonje delè pou depoze yon petisyon.

Si w depoze yon kontestasyon, ou dwe depoze yon kopi petisyon an anmenmtan bòkote Komisyonè Taks ak Finans la. Poste li ba:

**COMMISSIONER OF TAXATION AND FINANCE  
OFFICE OF COUNSEL  
BANKRUPTCY, ESTATES, AND COLLECTION UNIT  
BLDG 9, ROOM 100  
W A HARRIMAN CAMPUS  
ALBANY NY 12227**

## Demann pou ranbousman

Leplisouvan gen ranbousman taks sou revni se paske yon kontribyab peye twòp prelevman taks oswa li peye twòp estimasyon taks, epi anjeneral kontribyab la reklame ranbousman an lè l ap deklare taks sou revni pou yon ane. Nou pwodui ranbousman sa yo nan kad premye tretman deklarasyon taks ki te fèt la.

Ranbousman ka soti nan nenpòt ki kalite taks. Apre li fin depoze yon premye deklarasyon taks, yon kontribyab ka dekouvri li te neglije yon kredi, dediksyon oswa egzansyon. Pou income tax ak corporation tax (taks sou revni ak taks sou sosyete), kontribyab la dwe depoze yon deklarasyon taks modifiye pou reklame ranbousman an. Pou pi fò lòt kalite taks, yon kontribyab dwe soumèt yon demann ranbousman ansanm ak dokiman pou pwouve taks ki peye pa erè a oswa twòp taks li peye a.

Si pandan yon odit, evalyasyon, koleksyon oswa pwosedi aplikasyon nou dekouvri yon kontribyab peye twòp taks, nou dwe kominike sa ba kontribyab la. Ou gen 120 jou apatide dat sa a pou fè yon demann pou ranbousman oswa kredi. Si w pa fè demann lan nan peryòd 120 jou a, ou pèdi dwa pou mande ranbousman an oswa kredi a, sof si gen yon lòt dispozisyon lalwa prevwa yon lòt lè pou fè demann lan. Men nou pa oblije kominike taks ki peye anplis, ni peye yon ranbousman oswa bay yon kredi si nan moman dekouvèt la fèt, peryòd la te fèmen akòz delè limit kote yo pa ka pran ankenn aksyon ankò.

Anjeneral, si nou pa bay ranbousman w lan nan yon peryòd tan byen presi, nou dwe peye w enterè sou li. Pa egzanp, nou dwe ajoute enterè sou montan ranbousman taks sou revni pèsonèl ou si nou pa bay ranbousman an nan 45 jou ki vini apre dat limit pou deklarasyon w lan oswa dat ou te deklare taks ou, selon sa ki fèt pi ta a.

Nou ka apwouve yon demann ranbousman pou montan ou mande a, oswa ajiste osnon refize li. Si li apwouve, w ap resevwa yon ranbousman pou taks ou te peye twòp la, plis nenpòt enterè ki ka aplike. Si li ajiste, w ap resevwa yon montan ki pi wo oswa pi ba pase sa w mande a, ak yon eksplikasyon sou chanjman an(yo). Si nou rejte demann ou an nèt oswa anpati, n ap voye yon avi alekri pou eksplike tout dwa kontestasyon ou ka genyen.

**Remak:** Si w dwe nou lòt taks oswa ou gen yon dèt pou nou, si w dwe yon lòt ajans leta, IRS, Vil New York oswa yon lòt eta, nou ka peye yo ak tout oswa yon moso nan ranbousman w lan. Nou va fè w konnen *konpansasyon ki fèt ak ranbousman* sa a. Si w gen nenpòt kesyon sou yon dèt ou pa dwe nou, kontakte lòt ajans la, IRS, Vil New York oswa lòt eta a dirèkteman. (Gade seksyon sou *Konpansasyon* yo.)

Si w pa dakò ak chanjman oswa anilasyon yon ranbousman, ou ka soumèt plis enfòmasyon pou pwouve pozisyon w. Si w te resevwa yon Avi Anilasyon, ou ka mande yon konferans pou konsilyasyon nan Biwo pou Sèvis Konsilyasyon ak Medyasyon, oswa ou ka depoze yon petisyon nan Divizyon pou Apèl kont Taks nan delè ki endike nan avi a. Si w te resevwa yon Avi Anilasyon epi ou te soumèt plis enfòmasyon, men ou pa satisfè toujou ak rezilta yo oswa ou pa te resevwa yon repons nan men nou toupre dat ekspirasyon delè pou mande yon konferans pou konsilyasyon oswa pou depoze yon petisyon, ou ka fè li nan espas tan ki endike nan Avi Anilasyon an. Pou taks sou revni ak taks sou sosyete, ou dwe depoze demann lan oswa petisyon an anvan dezan fin pase apre dat nou te poste Avi Anilasyon an voye ba w. Lòt taks yo gen delè diferan pou mande yon konferans pou konsilyasyon oswa pou fè petisyon pou yon odyans. Pa egzanp si nou rejte yon demann ranbousman pou taks sou lavant, ou dwe depoze yon demann oswa yon petisyon anvan 90 jou fin pase apre dat yo te rejte demann ou an. Apre ou fin depoze yon demann oswa yon petisyon, ou gen menm chwa yo jan sa dekri nan seksyon *Dwa pou konteste yon desizyon* ki anba a.

Gen yon delè limit pou mande ranbousman. Pou pifò taks, ou dwe depoze deklarasyon taks modifiye oswa lòt demann ranbousman anvan twazan fin pase apre dat ou te dwe depoze deklarasyon an oubyen dat ou te depoze li a, osnon anvan dezan fin pase apre dat ou te peye taks la, selon sa ki fèt pi ta a.

Si w pa te fè deklarasyon taks, alòs ou dwe fè demann ranbousman an anvan dezan fin pase apre dat ou te peye taks la.

Si w depoze yon deklarasyon taks modifiye oswa yon demann ranbousman pou yon deklarasyon taks sou revni, taks sou sosyete oswa taks sou lavant anndan peryòd twazan an, ranbousman yo ka akòde a pa ka depase pòsyon taks ki te peye nan peryòd twazan ki tousuit anvan depo demann ranbousman an, plis peryòd pou nenpòt pwolonjanman tan pou fè deklarasyon taks la. Si w depoze deklarasyon taks modifiye a oubyen demann lan anndan peryòd dezan an, ranbousman yo ka akòde a pa ka depase pòsyon taks ki te peye nan peryòd dezan ki tousuit anvan demann ranbousman an.

Ou ka depoze yon deklarasyon taks modifiye pou taks sou revni, taks sou byen oswa taks sou sosyete, oubyen ou ka depoze yon demann ranbousman, depase peryòd ki mansyone anwo la a si ranbousman an se akòz yon chanjman oswa koreksyon federal ki **dwe** rapòte ba Eta New York. Ou dwe depoze yon deklarasyon taks modifiye oswa yon demann ranbousman anvan dezan fin pase apre dat yo te dwe avèti chanjman oswa koreksyon an.

Fòm demann ranbousman, deklarasyon taks oubyen lòt metòd ou dwe itilize yo depann de ki kalite taks w ap mande yon ranbousman pou li. Pou plis enfòmasyon sou delè ki ka aplike kote ou dwe fè demann ranbousman w lan ak pou jwenn fòm ki apwopriye yo, gade nan seksyon *Ou bezwen èd?*

## Amann ak enterè

Twa rezon ki pi kouran pou amann yo se (1) deklare taks anreta, (2) peye taks anreta, ak (3) ak manke peye estimasyon taks. Nan tèm ki pi senp, evite amann ak enterè se yon kesyon de deklare taks sou revni w ak peye montan taks ki kòrèk la alè. Si w pa fin byen klè sou nenpòt nan responsablite taks ou

yo, sèvi ak resous ki dekri nan bibliyasyon sa a pou plis enfòmasyon sou egzjans deklarasyon taks.

Montan amann pou deklarasyon taks anreta ak taks ou pa peye baze anjeneral sou montan taks w ap peye anreta a. (Men gen divès kalite amann tou pou deklarasyon anreta pou kèk taks sou revni kèlkanswa ou dwe oubyen ou pa dwe taks.)

Enterè ak nenpòt amann kontinye ap ajoute sou montan ou dwe a jiskaske nou resevwa peman an. Tout enterè agrave chak jou. Pou to enterè ki aplike yo, gade sou sit entènèt nou an.

## Dwa w pou konteste yon desizyon

Si w pa dakò ak yon desizyon final nou pran, ikonpri:

- taks nou di ou pa peye oswa yon desizyon pou taks ou dwe,
- refi pou yon demann ranbousman, oswa
- refi oubyen anilasyon yon lisans, anrejistremant oswa sètifika egzansyon,

pou w konteste, ou ka depoze Form CMS-1, *Request for Conciliation Conference* (Fòm pou mande yon Konferans pou Konsilyasyon), nan Biwo pou Sèvis Konsilyasyon ak Medyasyon, oswa ou ka depoze Form TA-10, *Petition* (Fòm pou Petisyon) pou yon odyans apèl sou taks nan Divizyon pou apèl kont taks. Si montan w ap diskite pou li a nan sèten limit lajan, ou ka chwazi pou fè Divizyon pou apèl kont taks fè odyans ou an nan Small Claims Unit (Depatman pou ti reklamasyon) (gade nan *Chwa ti reklamasyon* nan paj 5). Pou konteste taks sou byen lè moun mouri, ou ka depoze Fòm CMS-1 nan Biwo pou Sèvis Konsilyasyon ak Medyasyon, oswa ou ka depoze yon Avi Petisyon ak yon Petisyon Verifiye bòkote grefye Tribinal Siksesyon ak Titèl pou kaounti ki gen kompetans sou byen an. Anmenmtan, depoze yon kopi bòkote Komisyonè Taks ak Finans la (gade nan seksyon *Dwa pou fè apèl kont taks sou byen lè moun mouri*).

Ou pa ka konteste yon desizyon nou pran pou taks sou byen lè moun mouri nan yon odyans Divizyon pou Apèl kont Taks. Men ou pa gen ankenn dwa odyans peman davans fòmèl si w dwe taks, enterè oubyen amann akòz:

- erè biwo oswa erè kalkil ki nan deklarasyon taks ou
- chanjman IRS fè nan deklarasyon taks federal ou, oswa
- ou pa peye tout oswa yon pati nan montan ou dwe jan li ye sou deklarasyon taks ou.

Ou **dwe** depoze demann oswa petisyon an anndan yon sèten peryòd apatide dat nou te voye yon avi ba w sou desizyon nou pran, ki gen ladan tou delè ki ka aplike yo. Delè sa yo tabli nan Lwa sou taks epi yo pa ka pwolonje yo. Nou rekòmande ou itilize **certified** oswa **registered** mail (kourye sètifiye oswa kourye rekòmande) pou depoze kontestasyon w lan. Pou règleman sa a, dat depo a se dat so lapòs Etazini mete sou anvlòp ki gen demann oswa petisyon anoswa dat yon Designated Private Delivery Services (sèvis livrezon prive deziyen) anrejistre oswa make a jan sa dekri nan seksyon 7502 Internal Revenue Code (Kòd Revni Entèn). Bibliyasyon 55, *Designated Private Delivery Services*, (Sèvis livrezon prive deziyen) gen lis sèvis livrezon prive ki apwouve pou sa.

Ou kapab prezante pou pwòp tèt ou, oswa ou ka fè yon reprezantan otorize prezante dosye w lan pou yo egzaminen li. Yon reprezantan otorize dwe gen yon power of attorney (pwokirasyon) ou ba li pou li prezante onon w. Gade nan seksyon *Ou bezwen èd?* si w bezwen jwenn fòm yo.

## Konferans pou konsilyasyon

Yon konferans pou konsilyasyon se yon fason rapid e ki pa koute chè pou rezoud kontestasyon san yon odyans ofisyèl. Se yon konferans konsilyasyon ki dirije konferans la nan fason ki pa ofisyèl e li pral egzaminen tout prèv ki prezante, epi detèmine

yon rezilta ki san paspouki. Apre konferans la, konfere a voye ba w yon solisyon ki pwopoze sou fòm yon konsantman. Si w siyen epi voye li tounen anvan 15 jou fin pase pou endike w aksepte konsantman an, kontestasyon an ap fini. Si w pa voye konsantman an tounen anvan 15 jou fin pase, y ap konsidere konferans pou konsilyasyon an fini. Apresa, konfere a pral bay yon òdonans konsilyasyon anvan 30 jou fin pase. Òdonans sa a ap obligatwa **sof** si w depoze yon petisyon pou yon odyans nan Divizyon pou apèl kont taks (oswa nan ka taks sou byen lè moun mouri, si w depoze yon Avi Petisyon ak yon Petisyon Verifye nan Tribinal Siksesyon ak Titèl nan kaounti ki gen konpetans sou byen an) anvan 90 jou fin pase apre yo te bay òdonans konsilyasyon an.

Konferans pa disponib pou distribitè, transpò enpòtasyon, operatè tèminal oswa biznis petwòl kote kesyon an se yon ogmantasyon montan yon kosyon oswa lòt garanti. Se Divizyon pou Apèl kont Taks sèlman ki ka okipe sitiyasyon sa yo.

Pou mande yon konferans pou konsilyasyon, ou ka depoze Form CMS1, *Request for Conciliation Conference* (Fòm pou mande yon Konferans pou Konsilyasyon), nan Biwo pou Sèvis Konsilyasyon ak Medyasyon (gade nan seksyon *Ou bezwen èd?*). Ou ka ekri tou nan:

**NYS TAX DEPARTMENT  
BUREAU OF CONCILIATION & MEDIATION SERVICES  
W A HARRIMAN CAMPUS  
ALBANY NY 12227**

## Odyans pou apèl kont taks

Pou mande yon odyans pou apèl kont taks, ou dwe depoze yon demann nan Divizyon pou Apèl kont Taks. Petisyon an dwe fèt alekri, epi li dwe endike espesyalman ki aksyon w ap konteste.

Odyans la se yon pwosedi kontradiktwa devan yon jij dwa administratif san patipri. Y ap sèvi ak stenografi pou anrejistre odyans la. Apre odyans la, jij dwa administratif la ap pran yon desizyon, ki pral deside finalman sou bagay ki gen konfli yo **sof** si oumenm oubyen depatman an mande Tax Appeals Tribunal (Tribinal pou Apèl kont Taks) egzaminen desizyon an. Si sa rive, Tribinal la pral egzaminen dosye odyans la ansanm ak tout lòt agiman aloral oswa alekri, epi li pral pran yon desizyon ki konfime, anile oswa modifye desizyon jij la, osnon li ap refere afè a tounen bòkote jij dwa administratif la pou lòt odyans anplis.

## Egzamen Tribinal

Si w pa dakò avèk desizyon Tribinal pou Apèl kont Taks la, ou ka mande yon egzamen tribinal. Gen delè kote ou ka fè apèl pou mande yon egzamen tribinal (anjeneral anvan kat mwa fin pase apre lè Tribinal pou Apèl kont Taks voye yon avi sou desizyon an ba ou, pa kourye sètifye oswa pa sèvis pèsonèl). Pou sèten taks, ou dwe peye taks la, enterè ak amann lan, oswa depoze yon garanti pou montan an, plis frè tribinal, lè ou depoze yon apèl pou yon egzamen tribinal.

## Chwa ti reklamasyon

Si montan k ap diskite a nan limit montan dola ki tabli nan *Rules of Practice and Procedure of the Tax Appeals Tribunal* (Règleman Pratik ak Pwosedi Tribinal pou Apèl kont taks) (yon kopi règleman ke w ap resevwa ansanm ak fòm pou petisyon yo), ou ka chwazi pou odyans ou an fèt nan Depatman pou ti reklamasyon nan Divizyon pou Apèl kont Taks. Yon fonksyonè san patipri fè odyans ti reklamasyon yo nan yon fason ki pa ofisyèl menm. Desizyon fonksyonè a definitif, e li pa ka sibi revizyon ankenn lòt depatman nan Divizyon pou Apèl kont taks, Tribinal pou Apèl kont taks oswa nan kenepòt tribinal nan eta a.

Ou ka depoze Form TA-10, *Petition* (Fòm pou Petisyon) pou mande yon odyans pou apèl kont taks. Fòm Petisyon yo ak Règleman Pratik ak Pwosedi Tribinal pou Apèl kont taks yo disponib sou sit entènèt Divizyon pou Apèl kont taks ak Tribinal pou Apèl kont taks, [www.dta.ny.gov](http://www.dta.ny.gov), oswa ou ka rele nan (518) 266-3000 pou mande yo, osnon ou ka ekri nan:

**DIVISION OF TAX APPEALS  
AGENCY BUILDING 1  
EMPIRE STATE PLAZA  
ALBANY NY 12223**

Lè w mande fòm petisyon ak règleman yo, yo **pa** konsidere li tankou ou te depoze yon petisyon pou yon odyans pou sa ki konsènen delè, epi sa pa pwolonje delè pou depoze yon petisyon.

## Retire responsablite antan yon mari/madanm inosan

Si nou deklare taks ansanm, ni oumenm ni mari/madanm ou, nou toude responsab anjeneral pou taks la ak nenpòt enterè oubyen amann nou dwe nan deklarasyon taks la. Sa vle di si yonn nan patnè yo pa peye lajan taks li dwe, lòt la ka oblije peye li. Ou ka kalifye pou yo retire responsablite taks sou ou lè w deklare taks ansanm si:

- gen twò piti taks ki dekalre paske patnè w gen revni li pa mete oswa li reklame dediksyon oswa kredi ki fo;
- nou divòse, separe oswa ou p ap viv ak mari/madanm ou ankò; oswa
- dapre tout bagay ak sikonstans yo, li pa t ap jis pou yo rann ou responsab pou taks la.

Pou plis enfòmasyon, gade Piblikasyon 89, *Innocent Spouse Relief* (Retire responsablite taks sou mari/madanm inosan), ak Form IT-285, *Request for Innocent Spouse Relief* (Fòm pou mande retire responsablite taks sou mari/madanm inosan), ansanm ak eksplikasyon Fòm lan.

## Pwosesis koleksyon

Lè dwa pou apèl ou ekspire, oubyen ou fin sèvi ak tout, nou remèt koleksyon ba Divizyon Koleksyon ak Aplikasyon Sivil nou an (Civil Enforcement Division). Anvan pwosedi koleksyon yo kòmanse, w ap gen chans pou peye dèt taks ou. Nan sèten sikonstans, ou ka mande yon akò pou peman pa franch, ki va pèmèt ou divize peman w yo.

Si w gen difikilte grav nan finans, ou ka deside soumèt tou yon offer in compromise (pwopozisyon aranjanman). Sepandan, nou pa pral nesèsèman aksepte pwopozisyon an. Pa egzanp, nan pifò ka, ou dwe pa ka peye dèt (dèt ou depase byen ou genyen), epi dwe gen dout nan kapasite pou nou kolekte dèt yo nèt. Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwopozisyon aranjanman, gade Piblikasyon 220, *Offer in Compromise Program* (Pwogram Pwopozisyon Aranjanman).

## Akò pou peman pa franch

Si w pa gen posiblite nan finans ou pou peye tout montan ou dwe a yon sèl kou, ou ka kalifye pou yon akò pou peman pa franch. (Pou aplike, gade nan seksyon *Ou bezwen èd?*) Ou dwe tabli yon aranjanman peman dirèk ak enstitisyon finansye w, kote dapre aranjanman sa gen peman franch chak mwa yo retire otomatikman e transfere nan bank nou an.

Dapre akò sa a, ou ka fin peye tout dèt taks ou ak vèsman chak mwa. Sepandan, sa pa mete yon plafon sou montan total ou dwe a. Jiskaske ou fin peye tout dèt taks ou, enterè ak nenpòt amann ap kontinye ajoute sou tout balans ou poko peye.

## Paj 6 sou 8 Publication 131-HAI (8/12)

Pou kalifye pou yon akò pou peman pa tranch, ou ka oblije ranpli yon deklarasyon finans e bay lòt enfòmasyon pou pwouve kondisyon finans ou kounye a ak kapasite ou pa genyen nan moman an pou fè peman konplè. Ou dwe deklare taks ou tou epi peye tout taks pi devan yo lè moman an rive pou w peye. Si w pa peye nouvo det taks ou atan, ou p ap respekte angajman w dapre kontra a. Apre nou ba w avi, nou ka lè sa rekòmanse aksyon pou koleksyon det la dapre akò pou peman an, oswa nou ka modifiye oubyen anile akò a.

Keseswa ou fè oswa ou pa fè yon akò pou peman, nou ka depoze tou yon manda taks bokote Grefye Kaounti ki apwopriye a ak Sekretè Deta a, pou asire nou gen priorite sou kreyansye ki vin annapre.

Nou ka anile yon akò pou peman pa tranch a nenpòt ki moman san avètisman, si nou kwè koleksyon taks la an danje. Men, nou ka anile oswa modifiye yon akò pou peman pa tranch nan sitiasyon annapre la yo sèlman apre nou fin bay yon preyavi omwen 30 jou, pou eksplike pou ki rezon:

- si yo jwenn enfòmasyon ou te bay anvan ou fè akò a pa kòrèk oswa yo pa konplè;
- si kondisyon finans ou chanje anpil;
- si w pa peye yon vèsman oswa nenpòt lòt det taks lè moman rive pou w peye; oswa
- si w pa bay enfòmasyon ki ajou konsènan kondisyon finans ou lè yo mande yo.

Si w pa fin peye tout det taks ou oswa ou pa negosye yon akò pou peman pa tranch, oswa si nou revize, retire, oswa rejte yon pwopozisyon aranjman, nou ka sèvi ak nenpòt oswa tout nan aktivite sa yo pou kolekte det taks ou an.

## Manda taks

Yon manda taks se tankou yon jijman legal kont ou, epi li mete yon dwa konfiskasyon sou pwopriyete ak byen pèsònèl ou. Manda taks la se yon dosye piblik nan dosye biwo Grefye Kaounti w lan ak Sekretè Deta a. Li rekonèt piblikman ke ou dwe Eta New York taks, epi sa ka gen yon efè negatif sou kredi w. Li ka fè li difisil pou w jwenn yon prè, oswa pou achte oubyen vann byen imobilye. Yon manda rete nan dosye w bokote Grefye Kaounti a ak Sekretè Deta a jiskaske ou fin peye det taks la nèt oswa manda a ekspire.

Lè yo depoze yon manda taks sa asire eta a kòm moun ki gen yon dwa konfiskasyon sou pwopriyete ak byen pèsònèl ou, epi li pèmèt nou itilize sèten pwosedi koleksyon.

## Prelèvman

Yon prelèvman se yon sezi legal sou pwopriyete w. Anvan nou sèvi ak prelèvman pou kolekte nenpòt taks, nou ba w yon avi alekri, ak yon avi sou ki kalite pwopriyete ki egzante nan prelèvman an. Leplisouvan yo fè yon prelèvman sou kont labank, e li mande pou yon bank retire lajan nan kont ou pou voye li ban nou. Yo ka fè yon prelèvman sou lajan nenpòt lòt moun dwe w, tankou pa egzans pou prè oswa lwaye yo dwe w. Si w se yon kontribiyab biznis, yo ka fè yon prelèvman sou lajan kach ki nan kès ou. Nou p ap fè prelèvman sou pwopriyete si nou estime ke depans pou fè prelèvman ak vann pwopriyete a piplis pase benefis nou prevwa fè nan vant la.

## Sezi revni

Yon sezi revni se yon kalite prelèvman nou kapab fè sou salè w. N ap mande w peye volontèman jiska 10% nan salè w anvan taks chak fwa ou touche. Si w pa fè peman volontè, n ap fè travay ou retire otomatikman jiska 10% nan salè anvan taks ou dirèkteman nan chèk ou. Sezi revni a rete anvigè jiskaske ou fin peye det taks ou pa te peye a.

## Sezi ak vann

Pwopriyete oswa byen pèsònèl ou ki pa egzante dapre lalwa, yo ka sezi yo epi vann yo nan vant piblik pou taks. N ap kòmanse sezi sèlman si nou kwè ke benefis yo ap omwen kouvri depans nou prevwa yo.

Pandan yon sezi, ajan k ap fè koleksyon yo ka fè chanje kadna nan kote ou fè biznis lan, yo ka refize ou jwenn aksè nan kote ou gen biznis lan ak nan byen ki pou biznis la. Yon lòt fason, ajan yo ka retire tout machandiz ki nan biznis la, epi estoke yo yon lòt kote jiskaske yo vann yo.

Apre yon sezi, n ap fè w konnen dat lavant nou gen entansyon fè a. Nenpòt kilè anvan vant la kòmanse, n ap lage pwopriyete a epi tounen li ba ou si w peye taks la annantye, amann ak enterè ou dwe yo, ansanm ak depans nou te fè pou sezi a ak pou prepare vant la.

Ou gen dwa pou mande pou yo vann kenenpòt byen yo te sezi nan 60 jou apre demann ou an, oswa nan kèk peryòd ki pi long ke ou presize. N ap respekte demann ou an, sof si li se nan pi bon enterè eta a si nou kenbe pwopriyete a pandan yon peryòd ki pi long, e nan ka konsa nou va mete w okouran.

N ap vann pwopriyete w lan pou valè jis li sou mache a nan yon vant piblik, annakò avèk Civil Practice Laws and Rules (Lwa ak Règleman Pratik Sivil), e n ap konsidere eta pwopriyete a, kalite vant la, ak depans nou prevwa yo.

Depi nou fin vann byen w yo nan vant piblik, n ap voye ba w yon kontrandi sou debousman benefis vant la. Si benefis yo depase det ou ak depans nou, n ap voye anplis la tounen ba ou.

## Konpansasyon

Nenpòt peman eta a ka dwe w pou machandiz oswa pou sèvis ou vann oswa ou bay nan nenpòt ajans leta oswa branch ajans yo, yo ka kenbe peman an, epi aplike li pito pou taks ou dwe eta a. Yo ka dirije peman ou otomatikman ba noumenm epi aplike li pou taks ou deja dwe a. Si nenpòt peman yo dwe w pase anba jande konpansasyon sa a, n ap voye yon notifikasyon alekri ba ou anvan.

Answit, nan kèk sikonstans, nenpòt ranbousman taks Eta New York dwe ou, yo ka sèvi ak li pou peye det taks ou poko peye, oswa yo ka voye li ba yon lòt ajans leta, IRS, Vil New York oubyen ba yon lòt eta kote ou dwe lajan osnon taks. Lòt ajans leta a, IRS, Vil New York oswa lòt eta a pral avèti w dabò epi apres a l ap aplike ranbousman w lan pou det ou yo.

Si w gen yon det taks sou revni ki depase echeyans e ki ka aplike klèman nan Eta New York, Vil New York oswa Yonkers, yo ka refere li nan Pwogram Konpansasyon Depatman Trezò Ameriken (U.S. Department of the Treasury Offset Program). Y ap aplike ranbousman taks federal pou det taks Eta New York ou genyen an, jouk rive nan montan ou dwe a.

## Ranbousman mari/madanm ki pa kouvri obligasyon patnè

Si w te deklare taks sou revni ansanm epi ou gen yon ranbousman, nou ka itilize ranbousman an pou peye det taks mari/madanm ou oswa lòt det nou dwe yon ajans Eta New York. Pou evite sa a, ranpli Form IT-280, *Nonobligated Spouse Allocation* (Fòm IT-280, Alokasyon ki pa kouvri obligasyon patnè), epi fè youn nan bagay sa yo:

- mete fòm lan ansanm ak deklarasyon taks ou, **oswa**
- depoze fòm lan anvan dis jou fin pase apre avi nou ba w pou di nou pral itilize ranbousman an pou konpanse lòt det.

Fòm IT-280 pa pèmèt ou di ou pa responsab det mari/madanm ou genyen pou IRS, ni det taks ou genyen nan yon lòt eta.

## Retire prelèvman

N ap retire yon prelèvman sou tout oswa sou yon pati nan pwopriyete w lan, epi voye yon avi ba w sou prelèvman nou retire a si:

- ou peye dèt ki konsènen an, oswa pa gen aksyon ki ka fèt ankò poutèt delè limit ki ekspire;
- lè nou retire prelèvman an sa pral fasilite koleksyon dèt la;
- ou fè yon akò pou peman pa tranch ki prevwa espesyalman pou retire prelèvman an;
- valè jis pwopriyete nou sezi a sou mache a depase dèt taks ou an, epi nou ka retire yon pati nan pwopriyete a san jennen koleksyon dèt ou an; oswa
- nou jwenn prelèvman an ap kreye yon difikilte ekonomik egzajere akòz kondisyon finans ou.

Si nou sezi pwopriyete ki endispansab pou aktivite komès oubyen biznis ou, n ap gade si nou ka retire prelèvman sou pwopriyete a dapre motif yo ki endike anwo a. Si nou retire prelèvman sou pwopriyete w lan, sa pa entèdi nou mete prelèvman alavni sou pwopriyete a, si sa nesèsè pou kolekte dèt taks ou.

Si nou mal mete prelèvman sou pwopriyete a, nou ka remèt pwopriyete nou te sezi a, lajan ki egal a valè jis pwopriyete a sou mache a oswa montan lajan nou sezi a avèk enterè.

## Evalyasyon moun ki responsab

Pou taks tankou sales and use tax (Taks sou lavant ak itilizasyon), withholding tax (prelèvman taks) ak motor fuel excise tax (taks sou gaz ki vann nan eta a), yo ka rann responsab dèt biznis la moun ki sipoze *responsab* biznis la. Yo ka konsidere w kòm responsab si w se yon dirijan, direktè oswa anplwaye yon sosyete oswa yon sosyete ki fèmen, oubyen anplwaye nan yon asosyasyon oswa yon pwopriyete endividyèl ki te gen obligasyon aji pou biznis la pou respekte dispozisyon ki koresponn ak Lwa sou taks.

Faktè y ap konsidere pou jwenn si w gen obligasyon aji onon yon biznis gen ladan si w siyen deklarasyon taks yo oswa si w responsab liv oubyen dosye biznis la, osnon ou responsab jesyon biznis la. Nan sèten sikonstans, nou ka ba w yon evalyasyon kòm moun ki responsab menmsi ou pa gen obligasyon pou aji pou biznis la. Pa egzanp, pou taks sou lavant ak itilizasyon ak taks sou gaz ki vann nan eta a, yo ka ba w yon evalyasyon kòm moun ki responsab si w se manm yon asosyasyon, keseswa ou gen oswa ou pa gen obligasyon pou aji onon asosyasyon an.

Si nou ba w yon evalyasyon kòm moun ki responsab, epi ou pa dakò ak li, ou gen 90 jou apati dat nou ba w evalyasyon an pou depoze apèl, swa nan mande yon konferans pou konsilyasyon, oswa nan mande yon odyans nan Divizyon pou Apèl kont taks. Apèl la ba w dwa pou jwenn yon odyans pou prezante nenpòt enfòmasyon ou ka genyen pou demanti evalyasyon an. Y ap mete ansanm ak premye dokiman evalyasyon an yon eksplikasyon konplè sou dwa w pou konteste yon evalyasyon. Pou taks sou lavant ak itilizasyon sèlman, y ap konsidere ou te fè apèl si biznis ou an mande yon konferans pou konsilyasyon, oswa si li mande yon odyans pou apèl kont taks pou yon menm dèt taks. Sepandan, si w pa fin sèten biznis la te fè apèl la atan, epi ou vle fè apèl kont evalyasyon an, ou dwe mande pwòp konferans pou konsilyasyon pa w oswa pwòp odyans pa w pou apèl kont taks.

Depi yon evalyasyon pou moun ki responsab vin final, nou ka itilize tout metòd koleksyon ki disponib kont byen moun ki responsab la. Yo ka evalye w pèsònèlman pou tout montan taks biznis la dwe a, menmsi gen lòt antite oswa moun ki endike nou ka evalye nan menm fason. Nan pifò ka, dèt taks moun ki responsab pa retire poutèt biznis la deklare fayit.

## Dèt taks egzekite ak sesyonè byen lè moun mouri

Si w se ègzekite oswa administratè byen yon moun ki mouri, epi ou distribye byen yo ba yon benefisyè oswa ou peye tout dèt byen moun ki mouri a dwe anvan ou peye taks Eta New York sou byen lè moun mouri, yo ka konsidere w responsab pèsònèlman pou taks ki poko peye pou byen moun ki mouri a. W ap kontinye responsab jiskaske tout taks sou byen moun ki mouri a fin peye oswa depatman an otorize retire yon dwa konfiskasyon pou taks sou byen yo. Anplisdesa, si w te resevwa byen nan byen moun ki mouri a kòm benefisyè, yo ka konsidere w responsab pèsònèlman pou taks ki pa peye sou byen yo jouk rive nan valè pwopriyete ou resevwa a. Men, sa pa genyen ladan byen moun ki mouri a te genyen ansanm ak mari/madanm li ki vivan toujou kòm sèl lokatè (pwopriyete).

## Kont an fidisi (Trust account)

Si w se yon kontribyab biznis ki dwe taks sou lavant ak itilizasyon oswa prelèvman taks, nou ka mande w louvri yon kont an fidisi nan yon enstitisyon finansye, pou depoze taks yo oframezi w ap pran yo men kliyan oswa nan salè anplwaye yo. Kont an fidisi a asire taks yo ap disponib lè moman rive pou deklare taks.

N ap mande w louvri yon kont an fidisi lè ansyen pèfòmans ou endike ou pa peye taks toutan.

## Anilasyon oswa sispansyon Certificate of Authority (Sètifika Otorizasyon)

Nou ka anile oswa sispann Sètifika Otorizasyon w pou kolekte taks sou lavant ak itilizasyon si w fè espre pa respekte sèten egzijans Lwa sou taks, tankou pa egzanp ou fè espre pa deklare taks oswa pa peye taks. Si yo anile oswa sispann Sètifika w, y ap entèdi w fè kèlkanswa biznis nan Eta New York ki mande pou gen yon Sètifika. Si w eseye kontinye fè biznis avèk yon sètifika ki anile oswa ki sispann, oubyen ou kòmanse yon nouvo biznis san sètifika ki obligatwa a, ou ka resevwa sanksyon sivil ak kriminèl.

Si nou kòmanse yon pwosedi pou anile oswa pou sispann yon Sètifika Otorizasyon, n ap fè w konnen pwosedi a ak dwa ou genyen nan chak etap pwosedi a. Yo ka kanpe pwosedi a nenpòt ki moman si sikonstans yo mande sa, pa egzanp si w fin peye dèt ou nèt.

## Reprezantan pandan yon aktivite koleksyon

Ou ka reprezante pwòp tèt ou, oswa ou ka deziyen yon lòt moun pou reprezante w. Si reprezantan w lan kontakte nou san oumenm, li dwe ranpli Form POA-1, *Power of Attorney* (Fòm Pwokirasyon) anvan. Ou ka jwenn fòm pwokirasyon yo si w dawounlod yo sou sit entènèt nou an oswa si w rele nou (gade nan seksyon *Ou bezwen èd?*).

## Lisans ak garanti

Dwa ou genyen pou fè sèten biznis (pa egzanp operatè tèminal) kapab diminye si yo anile oswa yo sispann lisans ou si w pa peye taks. Yo ka transfòme an lajan nenpòt kosyon oswa lòt garanti ou te bay pou resevwa yon lisans epi aplike yo pou dèt taks ou. Si yon kosyon anile, ou dwe jwenn yon lòt kosyon anvan pou w ka kontinye aktivite biznis ki mande pou gen yon kosyon.

## Fason pou rezoud yon pwoblèm oswa pou depoze yon plent

Si w gen yon pwoblèm ak Depatman taks ou pa t rezoud nan chemen nòmal oswa si pou kèlkanswa rezon ou gen yon plent ki konsènen nou rele (518) 457-5181.

## Paj 8 sou 8 Publication 131-HAI (8/12)

Selon kalite plent ou genyen an, anplwaye nou yo ap, swa ede w rezoud pwoblèm lan, oswa refere plent ou an pou plis ankèt ak analiz.

### Ou bezwen èd?

Vizite sit Entènèt nou an nan [www.tax.ny.gov](http://www.tax.ny.gov)

- jwenn enfòmasyon epi jere taks ou sou entènèt
- tcheke pou wè si gen nouvo sèvis ak lòt aspè sou entènèt

### Asistans pa telefòn

**Business Tax Information Center**

(Sant Enfòmasyon pou Taks sou Biznis): (518) 457-5342

**Personal Income Tax Information Center**

(Sant enfòmasyon pou Taks sou Revni pèsonèl): (518) 457-5181

**Estate Tax Information Center**

(Sant Enfòmasyon pou Taks sou Byen lè moun mouri):(518) 457-5387

Pou kòmande fòm ak dokiman ki pibliye: (518) 457-5431

### Sèvis Asistans Telefòn Tèks (TTY)

(pou moun ki gen pwoblèm pou tandè ak pale ki sèvi avèk yon TTY):

(518) 485-5082

**Moun ki andikape:** Pou konfòme nou ak Americans with Disabilities Act (Lwa anfavè Ameriken Andikape), n ap asire hal-dantre nou yo, biwo, sal reyinyon ak lòt etablisman yo gen aksè pou moun andikape. Si w gen kesyon sou aranjman espesyal pou moun andikape, rele sant enfòmasyon an.